No. of Printed Pages : 4 **BMAF-001**

**BDP/BCA/BTS**

**सत्रांत परीक्षा**

**जून, 2016**

00396

## BMAF-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम

*Time : 2 hours* *Maximum Marks : 50*

***नोट :*** *सभ प्रश्नक उत्तर देब **अनिवार्य** अछि ।*

1. कम पढ़ल-लिखल लोक अंग्रेजीक एहि शब्दकेँ कोना बजैछ : 5

 (क) इन्सपेक्टर

 (ख) लैनटर्न

 (ग) लैम्प

 (घ) डॉक्टर

 (ङ) टिकट

2. शुद्ध शब्दकेँ फराक करू : 5

 (क) क्रिष्ण / कृष्ण

 (ख) पूरान / पुराण

 (ग) रामायण / रामायन

 (घ) श्रींगार / शृंगार

 (ङ) पुस्पा / पुष्पा

3. निम्न मोहाविराकेँ वाक्यमे प्रयोग करू : 5

(क) रंग मे भंग

(ख) हँ मे हँ मिलायब

(ग) टेढ़ी देखायब

(घ) चालि चलब

(ङ) हँसी होयब

4. निम्नलिखित पावनि कोन मासमे मनाओल जाइछ ? 5

(क) तिलासंक्रान्ति – पूस / माघ

(ख) चोरचन – साओन / भादव

(ग) रक्षाबन्धन – साओन / भादव

(घ) जूड़शीतल – चैत / वैशाख

(ङ) छठि – कातिक / अगहन

5. विपरीतार्थक शब्द लिखू : 5

(क) बाट

(ख) साँझ

(ग) दानव

(घ) गरीब

(ङ) उनटल

6. कोनो ***एक*** अवतरणक 150 शब्दमे टिप्पणी लिखू : 7

(क) बेटिक गहना बन्हकी रखने जँचलि रहलै काज
धूम-धामसँ श्राद्ध हैत आ गदगद हैत समाज
फल्लाँ बाबु मुइला, कयलनि चिल्लाँ बाबू भोज
आगाँ-पाछाँ जे हो, क्यो की काज करै अछि रोज
बापक अरजल खेत राखि सुदमरना करी विदाइ
गौआँ-घरुआ, सर-कुटुम्ब आ हर्षित होथि जमाइ
की करबै लय, बिका जाइ जँ गाछी आ बँसबारि
कन्यादान करब तेहने ठाँ पढ़य ने गौआँ गारि
गोलेदारक वा मरबाड़िक बढ़ल जाइछ जँ कर्ज
सरकारी लोनक नोटिस जँ भेटय तँ की हर्ज
मुदा हैत उपनयन ठाठसँ जेहन मुंडन भेल
की न करै अछि लोक कहू तँ अपना इज्जति लेल
नोत पिहानी पुरी वा पाहुन-परक आबि जँ जाथि
भार-दोर दी वा कोनहुना घर पर दूजन खाथि
इज्जति टा रहि जाय, करब तेहने सब स्वार्थ-परार्थ
मुदा आइ धरि के बुझलक जे इज्जति कोन पदार्थ ?

(ख) करुणागार उदार प्राणपति, वन देल दोष लगाय रे ।
देवर-दोष विधिक हम कीकहु, जनि घर धर्म्य न न्याय रे ।।
हमरहि हेतु दशानन मारल, कपिगण सङ्ग लगाय रे ।
तखन पतिव्रत हमर देखल सभ, अनल मे गेलहुँ समाय रे ।।
नैहर जँ मिथिला चलि जायब, कहत बाप की माय रे ।
पुरुष-परशमणि-कर हम सोपल, अयली की नाम हँसाय रे ।।
सिरिस सुमन बरु होय अशनि सन, अशनि तेहन भय जाय रे ।
से बरु होय, होथि नहि अकरुण, अहँ काँ बड़का माय रे ।।
की कहब कहय योगि नहि रहलहुँ, मेलहुँ सबहिकाँ मार रे ।
कतहु रहब जानकि जन कहते, श्री रघुनन्दन दार रे ।।

**7.** ‘पीअर आँकुर’ निबन्धक विषयवस्तुसँ परिचय कराउ । *7*

**8.** कोनो ***एक*** विषय पर 300 शब्दमे निबन्ध लिखू : *7*

(क) रामकृष्ण झा ‘किसुन’

(ख) सुरेन्द्र झा ‘सुमन’

(ग) चन्दा झा

**9.** कोनो ***एक*** शीर्षकक परिचय लिखू : *4*

(क) औपचारिक पत्र

(ख) भारतक ललित कलाक अन्तर्गत ‘संगीत कला’

(ग) ‘भरदुतिया’ क महत्त्व

---